

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Nazir (2014, kc 73) métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) *one shot case study*; 2) *pre-test and post- test*; 3) *static group comparison* (Arikunto, 2013, kc. 123)

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pretest and posttest design*. ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pretest*, satuluyna ngalakukeun *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks biografi kalayan ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, tuluy dipung

kas ku cara méré *posttest*. Desainna kagambar dina wangun tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Desain panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2013, kc 124)

Katerangan:

O₁ = *Pre-test* (kamampuh nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*)

X = *treatment* pangajaran ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*


O₂ = *Post-test* (kamampuh nulis téks biografi ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*)

3.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta subyék anu ditalungtik pikeun meunangkeun data. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMK Negeri 12 Bandung. Anu lokasina dijalan Pajajaran No. 92 Kota Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI SMF 1 di SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019, jumlahna 34 siswa, anu kabagi 32 siswa lalaki sarta 2 siswa awéwé.

3.3 Prosedur panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain *pre-test and post-test group design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis nyaéta saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMK Negeri 12 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan di kelas nalika nepikeun

matéri ajar biografi hususna di kelas XI SMF 1 luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 revisi 2017

- 2) Rumusan masalah anu katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis téks biografi di kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung.
- 3) Raraga Tiori
- 4) Ngarumuskeun Hipotésis
- 5) Ngarumuskeun instrumen
- 6) Ngumpulkeun data sabada kapanggih masalah anu aya di SMK Negeri 12 Bandung kelas XI SMF 1 Taun Ajar 2018/2019, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nulis téks biografi nyaéta saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples* jeung sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples*. *Pre-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples*, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biografi sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*.
- 7) Analisis data panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.
- 8) Nyusun laporan panalungtikan sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa nulis téks biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*. Nurutkeun ahli Misbahuddin (Misbahuddin, 2013, kc 17) tés nyaéta runtuyan

patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelengensi*, jeung kamampuh, atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok.

Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta anu dimimitian ku nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples* jeung saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples*.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis téks biografi kalayan ngagunakeun modél *Exampels Non Exapmles*.
- 3) Nepikeun matéri nulis téks biografi kalawan ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment* (*perlakuan*).
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biografi sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang jeung hasilna hadé, hartina leuwih cermat, lengkap, jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2013, kc 203). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tes. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) anu pungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung, dina nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Exampels Non Examples* jeung sabada diajar

ngagunakeun modél pangajaran *Exampels Non Examples*. Ieu di handap mangrupa soal unjuk kerja anu dibérékeun ka siswa.

Soal Nulis Téks Biografi

No. Absen :

Kelas :

Pék ku jjeun ku hidep téks biografi ku katangtuan saperti ieu di handap.

- a) Témana bebas dumasar kahayang hidép umpamana: tokoh idola, seniman, olahragawan, pulitik, jsb.
- b) Ngagunakeun struktur téks Biografi (orientasi, peristiwa, reorientasi) jeung éjahan.

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Gambar 3.1
Instrumén Panalungtikan

3.6 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pre-test* jeung *post-test*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples* jeung sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Exaples*.

- a) Mariksa hasil karangan siswa tina *pretest* jeung *post-test* dumasar kana aspék dina rubrik tabél 3.2.

Tabél 3.2
Rubrik Penilaian Nulis Téks Biografi

Nulis Téks Biografi	No	Aspék	Skor	Kriteria
Struktur Téks	A	Eusi	27-30	Alus pisan-Sampurna :hartina maham pisan jeung nepikeun eusi kalayan lengkep.
			22- 26	Cukup-Alus: maham pisan jeung nepikeun eusi kurang lengkep.
			17-21	Sedeng-Cukup: kurang maham jeung nepikeun eusi kurang lengkep.
			13-16	Kurang Alus: teu maham kana eusi, jeung teu bisa nepikeun informasi kalayan lengkep.
	B	Organisasi Eusi	18-20	Alus Pisan-Sampurna: Eusi dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf raket.
			14-17	Cukup-Alus : Eusi dimekarkeun jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf

Nulis Téks Biografi	No	Aspék	Skor	Kriteria
				kurang raket.
			10-13	Sedeng-Cukup: Eusi dimekarkeun kurang jelas, runtuyanan astruktur teu sistematis tapi lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket.
			7-9	Kurang Alus: Eusi dimekarkeun teu jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraf teu raket.
	C	Diksi	18-20	Alus Pisan-Sampurna: ngawasa kandaga kecap, ngan saeutik pilihan kecap anu kurang merenah,
			14-17	Cukup-Alus: ngawasa kandaga kecap, pilihan kecap kurang merenah.
			10-13	Sedeng-Cukup: Kawatesan Kandaga kecap, loba kasalahan dina pilihan kecap.
			7-9	Kurang Alus: pangaweruh kandaga kecap asor, loba pisan kasalahan dina pilihan jeung teu cukup pikeun diajén.
	D	Makéna Basa	22-25	Alus Pisan-Sampurna: ngawasa pisan tata basa,

Nulis Téks Biografi	No	Aspék	Skor	Kriteria
Kaedah Basa				ngan saeutik kasalahan dina maké basa.
			18-21	Cukup-Alus: kurang ngawasa tata basa, saeutik kasalahan dina makéna basa.
			14-17	Sedeng-Cukup: kurang ngawasa kana tata basa loba kasalahan dina maké basa jeung nyusun kalimah.
			11-13	Kurang Alus: teu ngawasa kana tata basa, loba pisan kasalahan nepi ka teu komunikatif.
	E	Éjahan	5	Alus Pisan-Sampurna: ngawasa kana aturan nulis, jeung saeutik pisan kasalahan éjahan.
			4	Cukup-Alus: Maham kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan éjahan.
			3	Sedeng-Cukup: Kurang maham kana aturan nulis, jeung loba kasalahan éjahan.
			2	Kurang Alus: teu maham kana aturan nulis, loba pisan kasalahan éjahan.

(Harfield, spk jeung Nurgiyantoro dina Kuswari, 2010, kc.183 kalayan diropea deui)

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa teu normal. Nurutkeun Sugiyono (Sugiyono, 2012, kc. 76) nétélakeun yén hiji data anu ngabentuk distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogrov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa hentena hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil data anu normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistic parametris

kalawan ngagunakeun *t-tes*, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistic non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya bédana antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*.

H_1 (Hipotésis alternatif) = Aya bédana antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Exampels Non Examples*.